УДК. 413.13

# АНТРОПОНИМЛЕР ЛИНГВОКУЛЬТУРОЛОГИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎ ОБЬЕКТИ СЫПАТЫНДА

***Замира Даниярова***
***Филология илимлериниң философия докторы***
***Нөкис инновациялық институты***

# АНТРОПОНИМЛАР ЛИНГВОКУЛЬТУРОЛОГИК ТАДКИКОТ ОБЪЕКТИ СИФАТИДА

***Замира Даниярова***
***Филология фанлари фалсафа доктори***
***Нукус инновацион институти***

# АНТРОПОНИМЫ КАК ОБЪЕКТ ЛИНГВОКУЛЬТУРОЛОГИЧЕСКОГО ИССЛЕДОВАНИЯ

***Замира Даниярова***
***Доктор филологических наук***
***Нукусский инновационный институт***



https://orcid.org/0009-0004-0559-3308
*e-mail:*
***zamira_daniyarova@mail.ru***

***Резюме:*** *Мақола қорақалпоқ фольклоридаги исмларнинг миллий маданий табиятини ўрганишга бағишланган. Исмларнинг халқ тарихи, маданияти, ҳайоти, психологияси ҳақида дарак бериши мисоллар билан асосланган.*

***Калит сўзлар****: лингвокультурология, корақалпоқ фольклори, антропоним, антропологик лексика, ономастик тадқиқод*

***Резюме:*** *Статья посвящена изучению лингвокультурологических значений советвенных имен в каракалпакском фольклоре. Автором обоснавывается, что являются носителями сведений об истории, культуры, быта, психологии народа.*

***Ключевие слова:*** *лингвокультурология, каракалпакский фольклор, антропоним, антропологический лексика, ономастическое исследование*

***Resume:*** *In this article the discussed question is the present day status of the language, as well as the role of deep onomastic research into its folk art on the way of development, specitically, there is discussion about human names used in karakalpak folklore, which made a huge impact on centuries old traditions of name giving among karakalpak people.*

***Key words:*** *linguistic culture, Karakalpak folklore, anthroponym, anthropological vocabulary, onomastic research.*

**Кирисиў**. Антропоцентристлик бағдарда изертлеўлер алып барыў ҳәзирги тил илиминиң баслы ўазыйпаларынан бири есапланады. Тил билиминде лингвомәденияттаныў лингвистика менен мәденияттаныўдың, соның ишинде антропонимлерге де байланыслы тәрепин изертлейтуғын жаңа тараў есапланады.

Антропонимика пүткил халықтың миллий мәдениятын сәўлелендириўдиң тийкарғы қуралы сыпатында қаралады. Ҳәзирги ўақытта жәҳән тил билиминде антропологик лексика менен мәдениятты байланыстырып изертлеў актуаль темалардың бирине айланбақта.

**Әдебиятлар ҳәм методлар**. Антропонимлер ҳәм оның менен байланыслы болған барлық машқалалар жәҳән тил билими, рус тил билими, тюркология ҳәм түркий тил билиминде анаў яки мынаў бағдарда үйренилген.

Булар қатарына ономаст алым А.В.Суперанскаянын мийнетлери [1], сондай-ақ, бир қатар тюркологлар, қазақ тилшиси Т.Жанузақов[2], әзербайжан тилшиси А.М.Гурбанов[3], татар[4], башқурт[5], қырғыз[6], өзбек[7] ҳәм қарақалпақ тили[8] ономастларының антропонимика тараўындағы салмақлы мийнетлерин атап өтсек болады. Ҳәзирги дәўирге шекем дүнья тил билиминде антропонимлар ҳәр қыйлы жөнелислер бойынша изертленилген. Әсиресе, ономастик бирликлердиң көркем текстгеги стилистикалық өзгешеликлерине байланыслы изертлеўлер тийкарғы орынды ийелейди. Тийкарынан рус тилшилери В.Н.Михайлов[9], Э.Б.Магазаник[10], Л.И.Колокова[11] ҳәм С.И.Зинин[12] тәрепинен тәрепинен алып барылған изертлеўлерде ономастик бирликлердиң көркем текст жаратыўдағы әҳмийети ҳаққында сөз етиледи. Н.А.Баскаков биринишилерден болып, қарақалпақ ономастикасын изертлеудиң оғада зәрүр екенлигин атап көрсетти[13]. Қарақалпақ тилиндеги антропонимлер О.Сайымбетов тәрепинен арнаўлы түрде изертленди. Ол «Қарақалпақша меншикли атларының қурамы ҳәм қурылысы» (1998) деген темада кандидатлық диссертация жақлады ҳәм усы тийкарда «Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары» мийнети китап болып басылды. Ал қарақалпақ фольклорындағы антропонимлердиң изертлениў мәселелерине төмендегилерди келтирип өтсек болады. Қарақалпақ халық дәстанларындағы меншикли атлар ҳәм олардың қурылысы Б.Султановтың мақаласында[14], Ш.Абдиназимовтың «Мамай» ҳәм «Ноғай» антропонимлери[15], О.Юсупов[16], О.Сайымбетов[17] ҳәм Г.Садықова[18], З.Даниявалар[19] тәрепинен киши көлемдеги мақалаларында сөз етилген.

Биз бул мийнетлерге тийкарланып салыстырмалы, сыпатлама ҳәм структуралық анализ методларынан пайдаланып жумысымызды изертледик.

**Нәтийже:** Қарақалпақ тилиндеги антропонимлерди изертлеў бойынша кең көлемде жазылған мийнетлердиң ишинде ең дәслепки жумыс О.Сайымбетовқа тийисли болып, бул мийнетте қарақалпақша меншикли адам атларының шығысы бойынша қурамы, морфологиялық қурылысы, тарийхый-этнографиялық ҳәм лексика-семантикалық өзгешеликлери ҳаққында сөз етиледи. Бирақ илимпаз тәрепинен еле де толық дәрежеде изертлениўи тийис бағдарларының бар екенлиги ҳақындағы пикирлерин усыныс етеди. Проф. Ш.Абдиназимов қарақалпақ фольклорын тил илиминиң жаңа аспектлеринде изертлеў зәрүрлиги жөнинде «…тилимиздиң тарийхы ушын бай материаллар беретуғын таўсылмас ғәзийне болған дәстанларды лингвофольклористикалық, лингвопоэтикалық, лингвокультурологиялық аспектлерде изертлеў мәселеси қарақалпақ тил илиминиң раўажланыўы кешигип атырған тараўларының бири екенлигин айтып өтиў орынлы»-деген пикирди билдиреди.

Деген менен, қарақалпақ тил илиминде фольклорлық дөретпелердеги меншикли атлар системасы бойынша аз жумыслар исленди. Бул бағдарда Ш.Абдиназимовтың «Қырық қыз» дәстанының лексикасы» кандидатлық диссертациясында (Нөкис: 1992) дәстандағы топонимлер, антропонимлер арнаўлы түрде сөз етилген. Сондай-ақ, 2016-жылы илимпаздың «Қарақалпақ фольклорындағы адам атлары» атамасындағы қарақалпақ фольклорында ушырасатуғын антропонимлер сөзлиги жәрияланды (Абдиназимов, Даниярова, 2016). Бизиң бул изертлеўимиз антропонимика тараўындағы мине усы машқалаларды фолкьлорлық шығармалардағы антропонимлердиң тил ҳәм мәденият байланысының обьекти сыпатындағы изертлеўлерге қаратылған

Демек, биз жоқарыда көрип өткен монографиялар ҳәм мақалалар антропонимлерди лексика-семантикалық, структуралық, тарийхый шығысы, тил ҳәм мәдeният байланысы жағынан изертлеўге арналған. Бирақ бул изертлеўлер жеткиликли емес.

**Анализ:** Биз қарақалпақ ҳәм соның менен бирге қоңсылас түркий тилин изертлеўши илимпазлардың мийнетин үйренип шығып төмендегише талқыладық:

Тил билиминде лингвомәдениияттаныў лингвистика менен мәденияттаныўдың, соның ишинде антропонимлерге де байланыслы

TAMADDUN NURI

тәрепин изертлейтуғын жаңа тараў есапланады. Бул туўралы қазақ тилшиси Е.Керимбаев былай деп жазады: «Жеке атлардың социяллық-мәдений өзгешеликлерин изертлеў бул қазақ тилиниң ономастика мәселелерин изертлеўде мәденияттаныў аспектинен қараўды талап етеди. Казақ тили онимлериниң генезисине, қәлиплесиўи менен таралыўына қазақ халқының этномәдений өмири шешиўши әҳмийетке ийе». Е.Ә.Керимбаев усы аты аталған мийнетинде: адам атлары-мәдениятттың келип шығыўы ҳәм көриниси деп баҳалайды [20,127-132].

Ҳәр бир миллеттиң айрықша қәсийетлери, яғный миллий ҳәм этник парқлары бар. Миллий атлар миллий мәдeният қәсийетлерин аңлатады, бунда айырымлары анық миллий-тарийхый айрықшалыққа ийе, ал басқалары болса төмен дәрежеде, бирақ оны жаратқан ҳәм қолланған адамлардың мәденияты менен ҳешқандай байланысы болмаған ат жоқ.

Й.К.Юркенас: «...антропонимлер айрықша материаллық текст ретинде қабыл етилиўи керек»,-деп айтып өтеди [21,5].

Ҳәр бир халықтың өзине сай ат қойыў дәстүрлери болады. Қарақалпақ адам атлары тилдеги сөзлик қурамның бир бөлеги есапланады. Ол өзиниң арнасын улыўма халық тилиниң фондынан алады ҳәм тилимиздиң ишки нызамларына сәйкес раўажланады. Солай етип, ол тилдеги сөзлердиң барлық тараўларынан жасалады. Қарақалпақ адам атларының көпшилик бөлеги халқымыздың өткен заманлардан баслап ҳәзирге дейинги мәдений-тарийхый өмирин анық көрсетеди. Мәселен, ат қойыўдың экстралингвистикалық факторлары сыпатында көплеп мотивларды келтириў мүмкин. Миллий-этнографик дәстүр ҳәм үрп-әдетлер (Оразбек, Оразхан, Айдын, Жумагүл, Уғылай, Тоқтасын), бурынғы анемистик ҳәм тотемистик қарастан (Бөрибай, Арысланқул, Шербек), тәрбиялық пазийлетлер, жетиклик, кәмиллик, мәртлик, гөззаллық (Камил, Жасур, Батыр, Гөззал, Лала), диний исеним ҳәм т.б. Демек жоқарыда келтиргенимиздей адам атлары ҳәр түрли белгилерге, көринислерге, ўақыяларға ҳәм т.б. байланыслы тәризде қойылыўы мүмкин. Усындай белгилердиң бири реңлер есапланады. Реңди билдиретуғын сөзлерден ақ, қара, қызыл, сары, көк сыяқлы лексемалар антропонимлердиң қурамында жийи ушырасады. Бунның баслы себеби, адамлар нәрестелерге ат бериў процесинде ең дәслеп сол нәрестениң түр-түсине итибар берген. Сонлықтан, реңди билдиретуғын сөзлер менен келген адам атларын ең әййемги антропонимлер деп есаплаўға болады. Деген менен, реңди билдиретуғын сөзлер антропонимлердиң қурамында тек ғана түр-түсти аңлатып келместен, аўыспалы мәнилерди де аңлатып келеди. Ҳәр бир халықтың реңлерди түсиниў, оны сәўлелендириў, символизация етиў көнликпелери өз алдына өзгешеликлерине ийе болып келеди. Қарақалпақ фольклорында «ақ» лексемасы менен келген антропонимлерди төмендегише тәрийиплеў мүмкин. «Ақ» лексемасы бул әййемги исенимлерди сәўлелендириўши қудай. Ақ жақтылық пенен байланыслы турмысты тастыйқлайтуғын принцип, пәраўанлық, ғайрытәбийий пәклик символы есапланады. Сыртқы көринисти сүўретлеў ушын ҳәм сонын менен бирге баланың қәсийетлерин ажыратып көрсетиўде де ақ лексемасы туўрыдан-туўры ислетилген баҳа. Сыртқы көриниске тийкарланған атлар көплеген түркий тиллерде ушырасады. Мәселен, татар тилинде Ақбаш, Аққаш, Ақсақал; хакасларда Аппах-жүдә ақ, Ах пас-ақ бас; мамлюклерде-Акгпай, Акбуга; ал башқуртларда- Аккөбэк, Акбуре, Акбуга ҳәм т.б [22, 20]. Қарақалпақ фолклорында да бундай адам атлары көплеп ушырасады. Мәселен,

Ҳәсенханниң палўаны, Мәрт **Аққозы** дер еди, (27-т, Ер з, 11-б)

Мына жақта **Аққус** деген жездең бар (67-т, Қыя ерт, 54-б).

**Аққуўбай** патша қарақус пенен урысып, бир кемпир менен ғаррының үйиниң шаңарағына келип қонады (67-т, Қыя ерт, 76-б).

**Ақталбай** бабам той берген, Алпамысжан келсин деп (5-т, Алп, 529-б).

В.В.Радловтың пикиринше: Түркий халықлар ақ сөзин бир неше мәнилерде қолланады: 1) ақ, 2) таза, араласпасыз, 3) киши пейил, ҳақ кеўил, бийгүнә [23,259]. Ақ компонентли антропонимлер адамлардың дәслепки пикирлерин ҳәм дүньяға көзқарасын сәўлелендиреди. Ақ рең қудайлар теңеўине сай болып, илаҳыйлықты, муқаддесликти, жәмийеттиң жоқары қатламына тән даналық,

тәжирийбе мәнилерин билдирген: Акморза, Акчура, Акби, Актуган, Акбикэ, Акбикач ҳәм т.б. Жеке адам атларының қурамында ақ компонентиниң сақланыўы узақ ўакыт даўам етти. Мәселен, XVI-XVIIIәсирлерге тийисли ҳүжжетлерде ақ лексемасына ийе адам атлары ушырасады Акко, Акмэмэт, Аксолтан, Аксэит, Акчура. Заманагөй антропонимик системасында да ақ лексемасы жалғанған адам атлары елеге шекем өз әҳмийетин жойытпаған. Дөретиўши инсанлар лақаплар таңлаўда көплеп қолланады. Мәселен, Акъегет, Акйолдыз. Әсиресе XIX әсир ағартыўшыларының лақапларында жумсалған: Мусы Акъегетзаде, Акмуллы ҳәмт.б [24,20]. Ал қарақалпақ тилинде бундай лақаплар яки өтирик атлар көбинесе аналар тәрепинен биринши перзентиниң атын туўрыдан-туўры айта алмағанлықтан оларды екинши ат пенен атаған. Мәселен, ер балаларға байланыслы Ақбал, Ақмырза, Ақжигит ҳәм т.б. Ал келинлер болса бийкеш ҳәм қәйинлериниң атын айта алмағанлықтан оларға сай екинши атларды таңлайды. Мәселен, Ақбийкеш, Ақсулыў, Аққыз, Ақжигит, Ақбала, Ақбал сыяқлыларды атап өтсек болады. Жәнe бир қызыклы тәрепи татарларда туңғыш келинди «ак жиңги» деп атайды екен .

Қарақалпақ тилиндеги рең билдириўши сөзлер өзине тән мәнилик өзгешеликлери менен ажыралып турады. Меншикли атлардың миллий-мәдений өзгешелиги жөнинде белгили бир пикир айтыў ушын буған анық тийкар керек. Антропонимлер сыпатлаған белгилер адам санасында пайда болады ҳәм ойлаў қәбилетине тийкарланған болып, адамның турмысы менен тығыз байланыслы болып келеди. Бул бойынша, Н.А.Бердяевтиң: адам – жеке миллет ҳәм миллет ретинде улыўма адамзат жәмийетине киретуғынын естен шығармаў керек, - деген пикири дыққатқа ылайық [25, 56].

Меншикли атлардың миллий-мәдений тәбиятына байланыслы ҳәр қыйлы көзқарасларды таллай отырып, илимпаз Е.А.Керимбаев төмендегидей пикирге келеди: «Ҳәр халықтың онимиясында мәдений-тарихый мағлыўмат жыйналған, жәмийеттиң мәдений тарийхына байланыслы меншикли аттың өзгешеликлерин ҳәм типологиялық миллий-мәдений өзгешеликлерин изертлеў ономастикадағы түп-тийкарынан өзгерис алып келетуғын бағдар болыў керек» [20,14].

Яғный, олар жаңадан жасалмайды, ал тилдеги бар сөзлердиң жәрдеминде жасалады. Демек, дәслеп меншикли атты жасаўға тийкар болған мәдений мағлыўматты сақлаўшы лексемаларды, олардың жасалыў модельлерин т.б. үйренип шығыў зәрүр. Оларды жасаўға тийкар болған сөзлерге байланыслы белгили бир мәнилер меншикли атқа берилген болады.

**Талықлаў**: Қарақалпақ тилинде тил ҳәм мәдeният байланысы солардың ишинде фольклорлық дөретпелердеги адам атларының лингвомәдений өзгешелигиниң изертлениў дәрежеси дерлик жоқтың қасында. Сол тийкарда төмендегилерди усыныс сыпатында киритпекшимиз:

-қарақалпақ тил илиминде тил ҳәм мәдeният мәселелериниң теориялық сыпатламалары, бул тараўдын тәбияты, пән сыпатындағы өзгешеликлерин ҳәр бирин докторлық жумыслары сыпатында изертлеўди;

-халық аўызында дөретилген дөретпелердеги адам атларының лингвокультурология тараўында изертлениў мәселелерин қарап өтиўди, ҳәм бул бойынша антропонимлер системалы тәризде үйренилиўин;

-қарақалпақ лингвокультурологиясында тил мәселелерин ашыўда ҳәр қыйлы тиллик усылларын истемаға түсирилип үйренилиўи керек деген пикирдемиз.

**Жуўмақ**: Биз қарақалпақ тили антропонимикасын изертлеў барысында фольклорлық дөретпелердеги адам атларын лингвомәдений аспектте еле изертлениў дәрежесине ерисилмегенлигиниң гүўасы болып отырмыз. Үйренип атырған антропонимика тараўында миллийлигимизди ашып көрсете алатуғын ҳәр қыйлы белгидеги адам атларының бар екенлигиниң гүўасы болдық. Оларда өткен өтмишимиздеги ата-бабаларымыздың басып өткен жоллары, миллий үрп-әдет дәстүрлеримиз ҳәм ат қойыў мәдениятымыз белгилери терең ашып берилген.

**REFERENCES:**


1. Суперанская А.В. Общая теория имени собственного.-М.: Наука, 1973.

2. Жанузаков Т. Лично-собственные имена в казахском языке: Автореф. дисс....канд. филол. наук.-Алма-Ата, 1960;
3. Гурбанов А.М. Азербайжан ономастикавы масэлэлери.-Баку,1986
4. Саттаров Г.Ф. Татар антропонимикасы.-Казан, :КазДУ нашриёти, 1990
5. Кусимова Т.Х. Древнебашкирские антро-нимы:Автор.дисс....канд.филол. наук.-Уфа, 1975.
6. Идрисов А. Кыргыз тилидеп ысымдер.-Фрунзе.:Мектеп, 1971.
7. Бегматов Э. Ўзбек тили антропонимикаси.-Тошкент.:Фан, 2013.
8. Сайымбетов О.Т.Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары.-Нөкис, :Билим. 2000.-54
9. Михайлов В.Н. Собственные имена персонажей русской художественной литературы ХУП и первой половины XIX в., их функции и словообразование: Автореф. дисс. ... филол. наук. - М., 1956
10. Магазаник Э.Б. Поэтика имен собственных в русской классической литературе: Автореф. дисс....филол. наук.-Самарканд, 1967
11. Колоколова Л.И. Ономастика в художественной речи А.П.Чехова: Автореф. дисс. .филол. наук.-Киев, 1970
12. Зинин С.И. Имена персонажей в художественной литературе и фольклоре / С.И.Зинин, А.Г.Степанов//Антропонимика.-М, 1970.
13. Баскаков Н. А. Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология. -М. Изд-во АН СССР, 1952.
14. Султанов Б. Халық дәстанларындағы қоспа меншикли атлардың қурылысы бойынша түрлери. // Қарақалпақ тилиниң мәселелери. Илимий мақалалар. –Нөкис. 1999.
15. Абдиназимов Ш. «Ноғай антропоними»// Илим ҳәм жәмийет. №1, 2015.; «Мамай» антропоними. //Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлар системасында. Халық аралық илимий конференция материаллары. –Нөкис, 2015, -Б.133.
16. Юсупов О. «Алпамыс» дәстанындағы антропонимлер ҳәм этнонимлер ҳаққында жаңа ой-пикирлер. ӨзССР ИА ҚФ хабаршысы.-Нөкис. 1985. №1,-Б. 56-63.
17. Сайымбетов О.Т. Қарақалпақша адам атларының қойылыў өзгешеликлери. // Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери.-Нөкис, :Билим, 1994,-Б.; 44-50.«Қоблан» дәстанындағы гейпара исмлердиң морфонологиясы мәселесине. //Түркий тиллердиң фонологиясы ҳәм морфонологиясының әҳмийетли мәселелери. Нөкис. 2005.
18. Садықова Г. Қоблан дәстаны тилинде антропонимлердиң қолланылыўы/ Өз ИАҚБ Хабаршысы.-Нөкис, 2013.№4.
19. Даниярова З. Алпамыс дәстанындағы айырым ҳаял-қызлар атамаларының қолланылыў өзгешелиги. // Жәмийеттиң раўажланыўында ҳаял-қызлардың тутқан орны атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференция, -Нөкис. 2015.-Б. 309-310.; Қарақалпақ фольклорындағы антропонимлердиң лексика-семантикалық өзгешеликлери. //Саламат ана ҳәм бала жылына бағышланған Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери атамасындағы Республикалық илимий теориялық ҳәм әмелий конференция,- Нөкис. 2016. -Б. 48-49.; Қарақалпақ фольклорындағы дезидератив антропонимлерге лингвистикалық анализ. //Саламат ана ҳәм бала жәмийет тиреги атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференция,-Нөкис. 2016.-Б.48-49.; Қарақалпақ фольклорында мемората антропонимлер. //Магистрантлардың илимий мийнетлери топламы. -Нөкис. 2016.-Б.48-49.
20. Керимбаев Е.А. Казахская ономастика в этнокультурном номинативном и функциональном аспектах. Алматы.: Санат., 1995, 248с.
21. Юркенас Ю.К. Онимизация апеллятивов и развитие индоевропейских антропонимических систем.Автореф.дис…канд.филол.наук.М., 1979.
22. Галиуллина Г.Татарская антропонимия в лингвокультурологическом аспекте. Автореферат диссертации на соискание ученой степени доктора филологических наук.-Казань.2009.
23. Радлов ВВ. Опыт словаря тюркских наречий. -Москва, 1963
24. Эхмэтьянов Р. Татар терминологиясының тарихи чыганаклары 1 - Казан: Татар. кит. нэшр., 2003.
25. Бердяев Н. Философия неравенства // Русское зарубежье.-Л., 1991.